

Pembantoe sareng agen: Priangan koelon M. Sahari - Bogor Priangan tengah H. B. Pasonden Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggogan dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjatak di Soekapoera deukkeun Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan M. G. Kartaatmadja Tjiamis. Diawa wetan: Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaja.

Table with 5 columns: LANGGANAN (Subscription rates), Redactie (Editorial office), Redaktoer (Editorial staff), Directie (Administration), and Pangas ADVERTENTIE (Advertising rates).

Naon goenana soerat kabar? Anoe kapendak koe djsim koering pangheula-heulana noe ngajakeun soerat kabar teh di Europa di nagara Rome (iboe kota karadjaan Italië). Ari mimitina mah saues dina keretas (didamel boekoe) tapi ieu mah diteliana oge koe kapoe dina papan hideung (bor). Oepama aja pakabaran atawa robahan pamarentah di dinja diteliana, (da eta teh noe boga pokal mah pamarentah) toeloj diembarkun ka sakabeh pagawe-pagawe atawa karajarat sakota Rome koedoe ngarilikun (matja) soerat kabar anoe ditelisi dina bor, malah geus dibakoekeun tempatna neundeun eta soerat kabar. Eta soerat kabar oepama aja robahan-robahan teh meh satengah boelan sakali, sakapeung saminggoo sakali diteliana diganti koe robahan (koe pakabaran anoe anjar). Kabehdieunakeun beuki tambah kaperloeanana, beuki loba kabarku-neun, nepi ka sababaraha bor anoe diteliskeun. Eta kalakoean kitoe teh nepi ka sababaraha taboen, malah koe oenggal karadjaan sedjeun ditaroeretan saperti di Duitchland, Inggris, Parasmaan s. s. t. Malah kabehdieunakeun sanggeus ngadeg pabrik keretas diteangan ka entengnana, nja nepi ka ditelisi dina keretas (sanes tjitak) toeloj disebarkeun sabawahaw bawahanana Sanggeus djelema bisa njatak nja Soerat bar teh ditjatak. (Noe mimiti bisa njatak (njieun parabotna) nja eta Laurens Janszoon Coster di Haarlem (Nederland) taon ± 1440 Red.) Meh oenggal karadjaan di Europa ngaloearkeun soerat kabar ka behdieunakeun beuki aloes beuki beres, beuki popek nepi ka aja soerat kabar anoe make gambar (koe Cliche). Malah noe matjana oge (noe ngalangan) saues pagawe pamarentah bae, soegri anoe mampoe mah anoe koat meuli, kabeh oge pada merloekoeun djadi aboune (ngalangan soerat kabar). Kabehdieunakeun meh oenggal noe bisa matja di Eurepa mah merloekoeun mareuli soerat kabar sabab rasana beuki tambah penting, tambah perloe pikeun nambahan loeng pangarti (elmoe kapinteran) koe djalan soerat kabar anoe aja goenana pikeun oemoem kaperloean hiroep dina lapang kamadjoean, djeung ngoadag kamadjoean (onomie djaman ajeuna. Kapoengkoer di oerang, di Hindia kira kira 20 taon ka toekang oepami teu lepat, noe parantos kapendak noe ngaloearkeun soerat kabar teh di Batawi ngaranna soerat kabar Bintang Hindia saes Bintang Hindia noe ajeuna sareng hidji deui "Pewarta Hindia" bedjana mah eta oge ti Batawi kenoh. Ari Bintang Hindia diboekeun (make gambar), Pewarta Hindia sapertos soerat kabar "Sipatahoenan". Lamina (hiroepna eta 2 soerat kabar) djsim koering kirang teraug. Namoe ngalangan (djadi aboune) sanadjan anoe tiasa matja oge henteu oenggal noe bisa matja pada ngalangan roepina bae koerang teranganoe goenana meuli (matja soerat kabar). Namoe kabehdieunakeun, moeng goeh anoe geus mangarti mah kana goenana soerat kabar pada merloekoeun mareuli (ngalangan soerat kabar). Koe djsim koering moel pandjang ditjariskeun kagoenanana soerat kabar, bade ditjokot noe ringkesna bae, saperti: 1 Bisa njaho kaajaan di nagara se-

djen, saperti di wewengkon Hindia Nederland, atawa di Europa, Asia, Afrika, Amerika Inggris s. s. t. 2. Bisa terang kadjadian-kadjanan noe sapopoé di nagara-nagara sapertos noe kaseboet di loehoer djeung di sakoliah Doenja. 3. Bisa terang kaajaan noe aneh-aneh noe adjaib-adjaib di nagara sedjen, anoe henteu aja di nagara oerang (di Hindia Nederl.) oerang bisa terang teu kalawan make ongkos loba (henteu indit sorangan.) 4. Oepama aja robahan-robahan (pangatoeran-pangatoeran) nagara atawa djaba ti eta soegri noe sok dimoeatkeun kana soerat kabar, oerang bisa njaho, bisa ngabedjakeun ka batoer. 5. Nganjahokeun elmoe patoekangan, perdagangan tatanen, pangadjanan ti goeroe-geroe Hindia atawa ti Professor Europa djeung djaba ti eta. 6 Bisa njaho pergerakan-pergerakan kamadjoean-kamadjoean, poelitik-politiek, pikeun kaperloean peroesahaan. 7. Bisa njaho (nendjo toelisan-toelisan) karangan-karangan, critiek atawa pikiran pangarang-pangarang ti hidji-hidji golongan, atawa ti hidji-hidji pihak goena kaperloean oemoem. 8. Bisa njaho elmoe, drigama djeung Agama (pikeun kalahiran djeung kabatuhan). 9 Bisa toekur pikiran, diadoe papahaman, anoe berhoecoeung agama djeung drigama (delat ma'neba) anoe kawengko koe wet uagara, atawa wet hoekoem ajara. Kadjabi anoe geus kaseboet di loehoer seueur deui anoe perloe dikanjahokeun koe sakabeh noe bisa matja soemawonna koe sakabeh djelema mah. Sabab perkara paogarti (loeng) teh ngadadago bedja (papatah batoer) mah lila. Doepi pikeun kah-goh (karesep) hidji-hidji djelema anoe matja soerat kabar eta koemaha maksuedna soerat kabar mana anoe dipikaresep (anoe tjotjog). Pikeun emoean djsim koering eta mah, teu tiasa netepkeun (ngoadoekeun) ngan moenggoeh tjek emoean, oepami rek ngabela lemah tjai atawa mitjinta ka bangsa mitjinta ka basa, saheulaanan mending bara sorangan saperti oerang Soenda matja soerat kabar Soenda, oerang Djawa matja soerat kabar Djawa, oerang Malajoe matja soerat kabar Malajoe, oerang Walanda matja soerat kabar Walanda s. s. t. Kitoe deui tjek djsim koering oge eta mah kari koemaha kerna soerat kabar mana mana oge henteu ngoadoekeun soerat kabar anoe kedah dibatja, eta mah sadaja-daja terserah ka noe maos, eta mah goemantoeung koemaha toedjoeanana (haloanana) Hidji-hidji soerat kabar (koemaha toedjoeanana koe djsim koering saeutik utikeun bade diterangkan sakadar anoe parantos kapendak auoeaja di Hindia Nederland. 1. S. k. Kaoem Moeda (basa malajoe) toedjoeanana P. K. B. kaloear di Bandoeng. 2. S. k. Kaoem Kita (basa malajoe) toedjoeanana "Nationalistisch" kabangsaan sa Hindia kaloear di Bandoeng. 3. S. k. Soerapati (basa Soenda) toedjoeanana, Sarikat Rajat kaloearan Bandoeng. 4. Hindia Baroe (basa Malajoe) toedjoeanana Sarikat Islam Weltevreden. 5. Pandji Poestaka (basa Malajoe) toedjoeanana Neutral (soerat kabar mere panerangan) kaloearan Balai Poestaka Weltevreden. 6. Sri Poestaka idem saperti di loehoer P. P.

7. Keng Po (basa Malajoe Tjong Hoo) kaloearan Batawi. 8. Sin Po 9 Perniagaan (basa Malajoe) idem kaloearan Batawi. 10. Bintang Hindia (basa malajoe) dipimpin koe Parada Harahap toedjoeanana Neutral henteu mihak ka Partij itoe, ka party ieu kaloearan Weltevreden. 11. Bendera Islam (basa Malajoe) toedjoeanana lalam Poelitik kaloearan Djokjakarta. 12. Sedio tomo gantina Boedi oetomo, toedjoeanana Nationalistisch (kabangsaan Djajawa) kaloearan Djokjakarta. 13. S. k. "Api" (basa malajoe) toedjoeanana "Communistisch" kaloearan Samarang. 14. Medan Moeslimin toedjoeanana "Kamadjoean Islam" kaloearan Solo. 15. Kamadjoean Hindia (basa malajoe) toedjoeanana kabangsaan "kaoem moeds" (Radical Nationalistisch) kaloearan Soerabaja. 16. Persatoean (basa malajoe) toedjoeanana mentingkeun ka Islam kaloearan Samarinda (Borneo) (*). 17. Pelita Rajat toedjoeanana "Radical" ti Makasar (Celebes). 18. Oetoesan Malajoe toedjoeanana Nationalistisch kaloearan Padang. 19. Benih Timoer, Neutral kaloearan ti Medan. 20. Persamaan (kabar woengkoel) kaloearan ti Sibolga. Djabi ti eta oge seueur deui soerat kabar di Hindia Nederl. soemawonna. s. k. di Europa Ajeuna mah oerang moepoesti basa oerang bae heulaanan BASA SOENDA aoeun teh, tjajah ab! rek segala basa bae nja eta mah teu langkoeng, ngan basa pribadi basa Soenda, omat oelah dikatoekaugkeun, sabab eta teh basa karoehoen, katjintaan teh kedah dihoektikeun noe mana bae pilih. 1. Soerat kabar "Poesaka Soenda". 1. "Sipatahoenan". Djabi ti eta aja deui soerat kabar basa Soenda? Malah djsim koering pribados ege, ngalangan kana soerat kabar teh saues saroepe bae, aja Soenda aja Malajoe langkoeng ti 4 soerat kabar. Malah lamoen mampoe mah (koat meeser) panginten kana soerat kabar ti Europa oge soemawonten noe aja di Hindia bajang meser, ngan saratna koerang, aja itoe, teu aja keur ieu, djadi post-pot. Parantos bae koelan, sakieu oge soegan tjepak ngahatoeranan katerangan ka sadaja noe maraos. Salam sareng maap djsim koering toekang matja Soerat Kabar.

(*) Persatoean geus distop. Red.

TOONEEL. Moenggoeh di Priangan mah, saha pidjalmaennana, a'oe teu oeuinga ka Djoeragan "Karta-Prata". Naon sababna? Kapan eta, andjeunna teh gegedog tooneel. Mimitina seungit djeneganana teh, ti samentas aja tooneel "Loetoeng-Kasaroeng". Kapan nepi ka dilandi koe oerang Bandoeng mah "Mama Entjeu", lantaran maenna dina "L. K." teh djadi "Lengser". Atoeda koe kitoe tea mah, enja iasana teh, katoeroeg-toeroeg mangkih lawan, nja eta "Aki Panjoempit". Edaasas mani lawas goela djeung penout. Koe lantaran eta, roepana bae katagihan, boektina oenggal-oenggal too-

neel dina rarsmean anoe diajakeun di Kaboeptan Bandoeng, ngan bangsa "L. K." bae, boh dina lalakonna, nja eta njaritakeun lalakon djaman baheula-baheula oge, bedjana uoe baheula pisar- boh dina peta-petana, saperti lagoe ngomongna, leumpangna ketetejapan, dj. s. t., nja kitoe deui tabeuhana, teu aja saes ti degoeng. Poegoe koering oge noehoen, tralah rebue-rebue noehoen, het sakitoe oge aja tendjoeanana bangsa oerang teh, make, aja kabodajaanana, toer kaseboet hade. Tapi saheulaanan, enggeus stoepo ngaloearkeun tooneel anoe sabangsa kitoe teh, lantaran kaaloesanana teh, soemawonna ngoengkoelan tea ka "L. K." teh, teu mapakan-mapakan atjan. Koe kadjadian ieu, hartina lain madjoe, tapi moendoer. Leuwih bade paneda koering mah, dimana rek tooneel deui teh, mending tooneel eta bae bangsa kadjadian-kadjadian noe ajeuna tiimbang bangsa lalakon "L. K." Jaki tooneel Djr. K. B. dina lalakon kaajeunakeun mah djempol, pendekna hese njiar banding. Lain ngumong pangaloean, boleh saksikan sendiri. Soemawonna dina lalakon anoe loba matak pilasereunana mah, tangg'ong moel aja noe bisa balem. Ari pang-pangna anoe matak koedoe dieureunan ngalak-konkeun tjari-tari bangsa "L. K." teh, nja eta noe laladjo bisi bosenue. Toeng-toengna pek bae matak ngoerangan kana seungitna djeneugan Djr. K. B. Kapan matak handjakal, lain! Ari tooneel "L. K." tea lain lawaneun memeh njatoe sabab waragadna oge, kapan sakitoe tohagana. Geus kitoe noe ngoeroesna, sadjaba ti gegedog-pegedog oerang pito'in teh, oge ditambah koe bangsa sedjen; kapan bedjana make insinjoer segala roepa. Noe maenna, sadjaba ti andjeunna noe memeng geus kaseoep kana itoe ngan lue pang iasana teh, kapau kabeh oge estoe petingan pisan. Palebs diu kaharti, naon sababna noe matak lalakon "L. K." tegep djadina. Azaah pendekna lain boeat pakeun. Tah kitoe sababna anoe matak "L. K." mah koeno laladjo teh dipiinget anoe nepi ka paeh tjarek babasan moel poh. Welah hate teh teu tjompon sanadjan dibebandjokeun koe "Soelandjana" atawa "Soenan Boeroeng Baok" oge. "Berewit."

Pileuleujan. Keur koering indit ti lemboer, noeloejkeun gawe noe bakoe di tengah djalan ngadenge jenu noe ngageneuh district Bandjar. Dir. T. Ahmad Tisakoesoemah dialibkeun ka Tjibeter (Ljandjoer) Estoe teungteunggeun, sok djadi aloer, eukeur teungtreun djedjem, diping koe noe berboedi engonging loemakoe keur pangaboetoeuh Somah euker genah, ponggawa desa, babakoe-na loerah anoe djudjoh koemsoe'a, henteu ruedet, ana meuuang papapen tahan diusi, toean-toean tanah diwewengkon district Bandjar kateh loelah doemareuda barang ngadenge eta tjari-tari. Atoeh koemaha teu rek ringrang ditilar koe noe saroepe kitoe da hese neangan bangsana Wadana leuleus djeu-jeur liat tali. ari noe koemacela lir ooeupna henteu paksa piroesa tjara heurap bener rea beubeutanangan tea mah tapi euweuh kabaoe kaja roengga kaja batoe sok moen beunang.

Ti pipir hawoe. Katjamata toekang ngadoe. Di doenja ieu, dimana mana dina hal taon bae, tjarek maranehanana, ngan ngadoe, ngadoe kasep, ngadoe ginding, ngaloe geulis, ngadoe beunghar, ngadoe pinter, ngadoe pipih, ngadoe bako, ngadoe koeda, ngadoe domba ngadoe moentjang ngadoe kartoe. Oeral ngadoe segala ngadoe. Dus, tjarek omongna, djelena noe tara ngadoe eta lain djelema. Societeit oge dina waktoe ngadoe koeda atawa koempoelan koedoe dipake ugadue, leden noe sedjen tongdijagetkeun, keur ngabalandjan aja tong. Societeit oerang njieun tempat sili rampas djeung batoer, kadjeun teu boga keur balan-ja kadjeun mentas gadjih. Lainoe teu nawaetoe rek ngadoe ti jinah montong ka Societeit. Nah ajeuna aing boga kawasaan. Lamoen aing bajang najoeban koedoe ngigel sarerea, lamoen bajang nanggap Wajang, leden tong dibedjan, zeg komo damesja teu majar Contributie tea mais teu meuleum ongkoh? Geloetoe.

(*) Ngingetkeun ka somahan Bandjar mah, nendjo noe pangreana (pikeun beulang Djoer. Redacteur?) mau hajang salamina di Wadanan koe andjeunna. Ngan boeboehan, ngingetkeun ka andjeunna, boe kapalaja, boe palij njaketan boemina, ateh gautina oge kahajang teh bangsa kitoe. Malah noe rea mah dina waktoe ngawangkong ieu mah ppatihkeun wadana teh. boe moen negtug mah pidalemoeun, moega-moega ugalihaa teh kanx patih. Komo keur waktoe Band eng, Tasik lowong mah pada ngarep-ngarep, tapi naha bet dialibkeun dina wadana keneh. Estoe sok aloer (bakoe) ari kapake koe somah, noe di loehoer djigana teu make Kapake koe noe ti loehoer galak ka somah. Hajang teu njasar ka handap, diparisa noe ngaoelisana rek ngadamel pipatihueun teh. Geura ieu panganggo andjeunna: Dina damel diusi tapi iasa ngalangan koe goegoejon, noe beurat ogeteuh karasa. saharat nandjak bari ngahoeot, djeung tara tiktikan, soeoeogoe moen sok moendoe tea mah, sajana sabogana bae. Loer damel darehdeh, sareseh aigana euweuh bae pamotloe "ieu aing wadana teh" teu tjara noe sedjen, kaliseng oge sok dibabawa, pamadjikan, anak oge asa wadana keneh bae. Ieu omongan, noeroetkeun noe ka-koeping ti saoeur noe geus ngaoelana atawa terangeun ka andjeunna. Asa pirakoe lamoenna salah. Tjarek bedja bae ari noe djadi patih mah koe-oe ti sakola bestuur. Geuning Kangdjeng Dalem Serang? Nja eta atoeh. Moegi-moegi bae ieu toe isan diara-oe koe para panganggoe noe kedah nalingakeun andjeunna. Somah Bandjar.

Verslag vergadering Pas. Tjabang Soerabaja. Dina dinten Minggoe ping 6 September 1925 Pasoendan Soerabaja parantos ngadamel vergadering di hotel "Bandoeng" kepatan Soerabaja.

Vergadering diboeka taboeh 9. Boe-boeka vergadering koe Djr. Bakrie Soeraatmadja sakoemaha biasa, sala-djengna ngadardakeun adegan sareng oedaganana pagoejoeban Pasoendan, saporantosa njarioskeun eta, lajeng andjeunna nembongkeun kahandjakalanana doemeh kapaksa baris agantoen Soerabaja sareng dinten ieu keneh oge kedah milih Voorzitter pige-toseunana.

Anoe kapilih koe vergadering Djr. Marjadi sareng andjeunna oge kersa nampi kana eta angkatan, nanging sanget panoehoenna dina saniskanteu kakiranganana moegi oelah kirang maloom, sareng ageung kapertjanteunan baris kenging pangdeudeul ti sadaja ledeu.

Voorzitter njarioskeun perkawis adeg pangadega sareng oedaganana Studie-Club, anoe bakal jadi Centrumna sadaja pergerakan di Hindia sareng dina saniskanteu kaperloeanana, perloe kenging pangdeudeul, boh koe oenggal pagoejoeban atawapi sa-koer pribesmi Hindia.

Pasoendan Soerabaja saheulaanan, moal tiasa ngadeudeul koe roepi artos nanging dimana perloe mah koe tanaga atanapi naon bae, anoe djadi pamangoelna tina perkawis ieu djoeragan Marjadi.

Voorzitter maos 1 serat ti Studie Club, anoe maksadna soepaos pagoejoeban Pasoendan kersa ngamanahan sareng nimbang-nimbang voorstelna toean J. E. Stokvis, nja eta:

1. Lager Inheemschonderwijs ge-lijkwaardig te maken met de andere lager onderwijsgelegenheden, verdiepen dus v/h inheemschonderwijs en verbreden, zodat ieder kind in Indone-sie dezelfde kans heeft om zich verder te ontplooiën.

2. Bodemschatten te ontginnen door den staat.

3. Vrijhandel, doch daar waar een bestaande inheemseche Nijverheid kiemen in zich draagt tot verdere groei en deze door bescherming of anderszins de groei zoo snel mogelijk te maken.

4. Gelijkwaardig recht.

5. Scheiding van bestuur en politie en Indonesiers van het bestuur.

6. Bevorderen van kunst ter be- vordering van de harmonische ont- wikkeling van het volk.

7. Scheiding van kerk en staat.

8. Uniforme Belastingstelsel. Zetel van cultuur en andere maatschappijen moeten hier gevestigd worden.

9. Gezondheidsdienst. Opvoering van het aantal medische krachten, zodat verzorging voor de volksgezond- heid niet te wenschen overlaat.

10. Weeroaerheid en volkswape- ning.

Timbangan vergadering nja eta: Voorstel ka 1 moepakat.

Voorstel ka 2 ujanggakeun koema- ha H. B. bae.

Voorstel ka 3 teu moepakat.

Voorstel ka 4 moepakat.

Voorstel ka 5 moepakat. (ieu kirang Voorstel ka 6 terang corr.)

Voorstel ka 7

Voorstel ka 8 njanggakeun koema- ha H. B. bae.

Voorstel ka 9 moepakat.

Voorstel ka 10 blanco, margi kedah ditjaroskeun deui anoe langkoeng pan- djang ngan woengkoel perkawis eta, voorstel Toean J. E. Stokvis, ti no 1 doegi ka 10 Pasoendan Soerabaja, ngantos-ngantos koemaha timbangan H. B.

Taboeh 12 vergadering djoetoep. Verlaggever.

Saparantos vergadering djoetoep Djr. Bakrie Soeraatmadja njarioskeun jen dina sasih October baris kadong- kapan Club Oemang Pangledjar kom- pelan mamoe ti Tjiamis anoe baris mintonkeun kabinangkitanana dina afd. Inl. Kunst v/d Jaarmarkt Soera- baja, bilih aja kakiranganana atanapi bobor karahajoeanana, perloe kenging pangdeudeul ti sadajana oerang Soen- da di Soerabaja. Perkawis ngaping sareng ngadjarang tina perkawis ieu, koe sadajana disanggakeun ka Djr. Achmad. C. S.

Djr. Achmad C. S. nampi kana eta padamelan djalara ngemoetkeun jen kamadjangan kunst teh djadi bagian tina kamadjangan bauga.

Doea kali saminggoe.

Sok sering koering ngalamoen, ma'loem noe ngoembara tebih, ning- galkeun tanah Pasoendan-ti Palembang ge tebih deui, taja geusan pa- koemaha, anoe baris ngoejoep getih. Ngan aja panjombo ngoengoen, dina

saminggoe sakali, ngabéberah noe soengkawu, midoelorna lahir batin; boektina SIPATAHOENAN, enggeus djadi sohat dalit. Oenggal Pasoeran- tan datang, biasa di poé Kemis, di- boeroe disigra sigra, bawaning sono teh teuing, tjing ajeuna "ka sadaja, menak koering kadang wargi, para abonees, manawi arandjeun sapoek, tambah saperak séwang, abouneent djadi saringgit; tapi neda saminggoe mindo modalna. Sageuj oerang bade baha, koe sakwartal saringgit; tjing mangga ieu poerstelan, maranahan masing lantip, koemaha manah Directie, oepami divoorstel kitoe, kintu-kin- tenna aja, etang etang kanggo boekti, naha enja Pasoendan baraleg matja.

Samalah sadaina mah, sina oeng- gal poé bidjil, tetapi ke bae lanan, bisi djadi riweuh teuing, margi te- rang pribadi tatjan aja noe ngawoeng- koel, ngoeroes Sipatahoenan, tinaug- tos masih disambi. Ieu voorstel ti Abon. No. 900.

N. E. Koemaha langganan noe sanes moepakat? Oepami teu moe pakat disoehoenkeun masihan wartos saeutik.

A. a.

Sakasoengkawa.

Koering, heh . . . matak seuri aja pitjeurikeun teu koerang, saenggeus oedar-ider neangan pakoelian loepoet, nja eta sadaina mah neangan keur majar padjeg, tapi loepoet ing dalem satengah boelan ngan oekoer meun- nang dahar bae. Sadatang ka imah manggih ka boengahan teu woedoe ge- de, sabab nendjo pere di sawah geus ko- neng, tjeat hate moal salah terah di- boeat tangtoe moal kalap teuing, tapi eta kabogahan teu toeloes, sa- datangna ka imah njampak bapa djeung ema keur narangkep toeoer di hareupeun hawoe, teu aja noe dia- sakan mah. Beu Saka tjilaka, moal bisa dadaran-dadaran atjan atoeh kaja kieu petana mah!

Aeh-aeah na koenaon bapa, make sasaoeran kitoe? Kapan sawah keur koneng terah diboeat, kabeneran koe ring balangsar teu beubeunangan, djadi aja keur panjombo hate, dige- we di sawah.

Koneng kahalodoan! tembal ema bari rambisak. (koedoe dibajar pa- djegna corr.)

Ajeuna koering ngarti noe matak sakitoe saroesahna, panjana koering koneng teh, koneng asak da nendjo- na rada ti kaangangan atoeh hate koering oge djadi dobel eukeur mah nalangsa teu barang bawu, katambah nei djo pilapareun sakitoe kadeuleuna, dimana koering rek bisa tahan sabar, tahan wajahna, komo lamoen harita datang noe nagih mah meureun djadi mata gelap, kakara barita koering ngarasa henteu ari tjeurik bedas mah, aja keneh kaera doemeh geus gede, ngan katjida gegelendengna hate, iraha atoeh pa emen rek ngaben- doeng waloengan teh, keur njaijan sawah? Matak naon Tjitandoejoelah palid bae ka sagara, sina njaijan na- gara kapan ti dinja datangna eusi beuteung teh, tjing pa emen sing ka roenja ka koering-koering, moal ngad- eg nagara lamoen taja koering, manahan sing lantip, koeringna sering soesah tangtoe kana zawadjibanana oge baha, na dikoemaha?

Poen Saka.

„Kintoenan“

Kahatoer Djoeragan E. Pr. di Djokjakarta p/a Sipatahoenan di Tasikmalaja.

Kalajan baktos hormat!

Dina Sipatahoenan piug 4 Augus- tus 1925 No. 6 djisim koering paran- tos mendak seratan djoeragan anoe djoedoelna „Pamandangan“ maksadna eta seratan teh, doepi kaemoetna koe djisim koering mah, moeng saenbara (pasanggiri) geuning ngunggo soebaja sing saha anoe tiasa masihan kate- rangan sarta sapagodos sareng manah Djoeragan baris dipasih 2 boekoe.

Ieu teh teu kinten seuehna margi teu aja boekti sareng teu aja saksi (geun controle) kitoe deui meungah djisim koering, teu aja pamanganana oepami ngiring njoemponan kana pamoendoet tea, manawi bahan ka- tampi, sareng sama sakali djisim koering henteu pambrih kana boe- roehanana, doepi ieu mah ngiring soteh, manawi bahau katampi taja sanes moeng kangge tawis ngaraket-

keun kawargian bae.

Samemehna djisim koering njoem- ponan kana pamoendoet, mangga ajeuna oerang pedar deui patarosan ti Djoeragan tea nja eta.

I. Naon sabab-sababna noe matak goesti noe maha Soetji ngadamel oerang hiroep di-Doenja!

II. Nahn enggoning oerang hiroep di doenja noe paling penting?

Pangapoenten Djoeragan! Koemargi pamoendoet Djoeragan katerangan tina perkawis ieu kedah „pondok“ nja kapaksa djisim koering oge kedah ngahatoeranan katerangan teh anoe pondok.

Lenjeun Djoeragan! bilih henteu sapagodos.

Paugna Goesti noe maha Soetji ngadamel oerang hiroep di alam doenja, estoe henteu sagawajah, oer- ang hiroep di doenja teh djadi oetoesan Goesti noe maha Soetji, nan- giring mengkah oerang mah berten deui sareng kangdjeng Nubi, doepi Kg. Nubi mah dieatoes sareng ngeun- ban dawoehan Goesti noe maha Soe- tji pikeun ngaweroek sareng noeng- toen ka oematna soepaos lengtreu rahajoe hiroepna toemot sadawoeh- anana, salamet doenja acheratna, doegi ka lebah dieu oerang toenda bae njarioskeun acherat mah margi sesah ngilari boektina. Saladjengna mangga oerang njarioskeun doenja bae heula.

Oerang hiroep di Doenja dieatoes koe noe maha Soetji pikeun djadi lid (anggota) tina hidji maatschappij, hi- roep koemboeh djalma sadoenja, soe- paja oerang ngatoer djeung ngudjaga kaamanan, katengtreman doenja. Oerang oelah ningal kana hidji-hidji- na djalma nanging kedah ningal kana hiroep koemboeh, da moal enja koe si Dadap anoe gawena ngan ngula soeloeh mah bisa ngadajaga djeung ngatoer katengtreman, kantenau taja petana, nanging oerang oelah hilap jen Si Dadap teh djadi lid tina hi- roep koemboeh, ngan koe tina kabod- doanana nepi ka teu ngarti kana kawadjibanana.

Koe margi parantos seueur anoe ngartos jen oerang hiroep di doenja teh, lain koedoe ngaroesak doenja tapi koedoe ngadajaga djeung ngaha- dean doenja, geuning boekti parentoe- toel pirang-pirang pagoejoeban ngang- go roepi roepi organisatie, ajana or- ganisatie sareng elid teu kinten per- loena (geuning Kg. Nubi oge ngung- go organisatie sareng sahabat).

Oenggal pagoejoeban boga angkeuh hajang ngahadean doenja hiroep koemboeh.

Djalma tara ngarasa kana kasala- hanana nja kitoe deui pagoejoeban, sanadjan angkeuhna hajang ngahade- an doenja, tapi dina prak-praknana ngaroesak alam doenja, kantenau oerang sami tiasa ngaroeskeun, aja salah aja bener, salah moal pahili sareng bener, nja kitoe deui bener moal pahili sareng salah.

Oepami pihak bener madjoe ngar- endeng sareng pihak salah, sarta sami organisatiena sami kiatna, hen- teu kenging henteu, pihak salah kedah kawon, nanging tiasa oge pihak bener anoe kawon, oepami organisatie roetjat-ratjet sareng kirang kakinta- uana.

Soepaos langkoeng gampil ngaher- toekeunana mangga oerang uganggo tjonto anoe boekti bae.

Tanah Hindia milikna oerang Hin- dia kalawan koedrat irodalna goesti noe maha Soetji oerang djadi pribes- mi Hindia tanah anoe sakitoe lendu- na „pasir woekir, lemah gemah loh djinawi“ oerang teu aja salabna ma- lah katjida beurna, oerang nyet- keun jen tanah Hindia milikna oer- ang Hindia.

Oerang ngakoe jen bener! bener!

Nanging bener oerang teh doegi ka kadesah koe salah djaran henteu aja kakiatan sareng roetjat ratjet or- ganisatiena.

Sanes kitoe Djoeragan? Padahal tadi koe djisim koering parantos ditjaroskeun, jen oerang hi- roep di doenja teh dieatoes djadi lid „hiroep koemboeh“ soepaja ngad- jaga djeung ngahadean doenja, oelah aja pantja baja.

Sarerea oerang geus terang jen hi- roep koemboeh oerang kadesah koe noe salah ngakoe bener tea nepi ka djadi paribasa „djati kasilih koe djoenti, taman kalimpoetan sitoe“.

Sanadjan geur kitoe oge rea keneh bae kadang warga oerang anoe henteu kersa njoemponan kana kawadjiba- nana, ngadamel kakiatan dina orga-

nisatie si bener tea.

Teu kinten matak handjakalna.

Patarosan Djoeragan anoe ka II. Djoeragan!

Samemeh oerang goemelar di doe- nja, noemoetkeun kupertjantenan sa- nes kanten agama jen oerang geus aja ti heula, hartosna „geus aja sa- memeh hiroep“ nanging dina djaman harita sama-sakali oerang henteu ngad- doehon tjita tjita, rek djadi aweue atanapi lelaki, rek di mana didjoe- roekna rek djadi bangsa naon, rek niekel agama naon sareng djabi ti eta.

Ajeuna oerang, kalajan kersana Goesti noe inaha soetji didjoeroekun dina hidji tempat anoe djadi lemah- tjai oerang, kagolong kana salah sa- hidji bangsa, djadi Kaom tina salah sahidji agama, eta henteu aja sanes moeng pasihan ti Goesti noe maha Soetji ka diri oerang, oerang wadib toemarimana, tawis oerang jen toe- marima kana pasihan ti anoe maha Soetji, oerang koedoe boga tekad djeung ugulakonan soekoer noe geus dipasihkeun koe noe maha Soetji sa- pertos anoe disebat tadi.

Djadi enggoning oerang hiroep di doenja anoe peng pentingna nja eta:

I. Ngudjulankeun kawadjiban aga- ma.

II. Ngoekoehan rasa kabangsaan.

III. Mikatjinta kana lemah tjai, anoe djadi hak djeung milik oerang, oelah welah ihtiar soepaja meunang kamerdikaan. Lamoen oerang lala- wura kana hak djeung milik oerang, sami bae hartosna sareng oerang henteu toemarima kana pasihan noe maha Soetji.

Lamoen oerang henteu toemarima, naon pihartoe nana?

Naha moal matak dosa ka oerang sarerea?

Djoeragan! Tah sakitoe bae heula katerangan ti djisim koering mah, doepi sajakotna perkawis ieu kedah pandjang pisan kateranganana teh.

Dina henteu kamanahna sanget panoehoer moegi oelah digoemoed- jengkeun, ieu mah etang-etang dog- dog pangrewong, laeok boeroek miloe midah bae?

Istoening hatoer loemajan pisan.

Hormatna

B. S.

p/a Pasoendan afd. Soerabaja.

Pilengghah.

Djoeragan E. Pr. p/a Redactie Sipatahoenan di Tasikmalaja.

Sareng hormat,

Ngawaler pamarios djoeragan hal „Pamandangan“ noe koengel dina Si- patatahoenan nomer 6, sangkan pare- lah manawi perloe patarosanana disar- rat dihandap ieu:

1. Naon sabab-sababna noe matak Goesti noe maha Soetji ngadamel oer- ang hiroep di Doenja?

Djawab: Doepi sababna sangkan Doenja rame sarta oerang noe hiroep soepaja kabeh pertjaja kana „AJANA“ djeung „KAWASANA“ Goesti noe maha Soetji.

2. Naon enggoning oerang hiroep di Doenja noe paling penting?

Djawab: Oerang hiroep di Doenja noe paling penting, noe loelos lakoe noe oetama lampah toer hade mama wa, salamet lahir batina.

Djoeragan E. Pr.! Simkoering nga- wale. „Pamandangan“ teh sanes bae reh djoeragan bade masihan hadiah franco doea boekoe, nanging anoe sa- ngat kapintjoetna emoetan koe tjang- kriman djoeragan, ieu tebakon tjetjeg henteuna sareng manah djoeragan

Milih pielideun Raad Kaboepten Tasikmalaja.

Waktuena	District	Reana djago	Reana Kiesman	Reana desa	Reana lid noe kapilih	Reana djang noe beunang diplilih
22 Sept. 1925	Bandjar	16	158	28	2	4
23 " "	Singaparna	9	248	41	2	4
25 " "	Pangandaran	7	120	28	1	2
26 " "	Manondjaja	14	170	23	3	4
28 " "	Tjidjoelang	7	102	25	1	2
26 " "	Karangnoenggal	3	107	20	1	2
27 " "	Taradjoe	7	157	21	1	2
28 " "	Tjiawi	20	273	47	2	4
28 " "	Tjikatomas	5	117	21	1	2
29 " "	Tasikmalaja	12	215	32	2	4

soemerah, wande djoeragan mentang- keun pamandangan koe andjeun di Sipatahoenan, sanget diadjeng.

Henteu sanes matoer noehoer ka djoeragan Red. Sip. roeroempuheun kersa nampi ieu soemlangan.

Kairing koe salam hormat P. Tr.

Parigie datum Postmerk

Sareng hormat.

Hatoer pangapoenten ka djoeragan E. Pr. Djokjakarta sareng ka djoeragan Redactie Sipatahoenan Tasikma- laja.

Djisim koering sanes sasantrianan sarehna ngiring oelo bioeng kana Pamandangan djoeragan - djoeragan moeng eta bae bari lalamoenan oepun- teu tiasa sapatotos sareng galih ken- gning 2 boekoe (Kitab) anoe goena kana diri, anoe kalebet dina Sipata- hoenan piug 4 Augustus 1925 no. 6 taloeh ka 2.

1. Naon sabab-sababna noe matak Goesti noe maha Soetji ngadamel oer- ang hiroep di Doenja?

1. Sababna djadi tawis jen ajana Goesti noe maha Soetji.

Sareng sabab aja moet.

2. Naon enggoning oerang hiroep di Doenja noe paling penting?

2. Enggoning oerang hiroep di doe- nja anoe paling penting, nja eta toe- marima koemawela soemoedjoed mi- goesti ka Goesti anoe maha moelja (maha Soetji) sareng ka roesoelna nganggo parabat Imaas Islam anoe sampurna.

Hatoer pangapoenten, oepami bae lepat moegi teu djadi bendoe.

Hatoer salam sareng hormat ti djisim koering. Langganan No. 111.

Pamanoeakan

„Soesoeganan“.

Kahatoer

Djoeragan E. Pr. di Djoekakarta p/a Djr. Redactie Sip. Tasik.

Dina Sip. No. 6 djisim koering pa- rantos matja seratanana Djr. E. Pr. anoe titelna „Ranandangan“.

Dina eta seratan aja 2 badean anoe- diliarkeun ka sadaja noe maros Sip. Barang djisim koering ningal eta 2: soealan andjeun, teu kinten bae rese- pna, resep soteh sanes babari, eta bae resep ngemoetna djero deetna, pimak- sadeun eta anoe 2 soealan, diboelak- balik, dibeuweung dieotahkeun, ewed koe piusieunana, kawantos diemoet koenoe bodo mah sanes meumeueusan besena teh, norah pimaksadeun hatoer.

Koe tina bawaning geus welah sar- ta djengkel, nja lami-lami, saporan- tosa dibeuweung dieotahkeun teh teras bae diteureuj, loen-laen aja boe- ahna hapa-hapa oge, kitoe oge doeka teuing leres henteuna mah, atanapi sapagodos henteuna sareng kapalaj Djoeragan E. Pr.; doepi kana pile- reseun mah, koe emoetan djaoeh ta- nah ka langit, kawantos djisim koer- ing mah kirang katerang, tjitjing oge di padoesoenan, ajeuna mah oerang si- si, pangkidoelna, ngiring soerat-serat oge kaula medan nembu, kitoe oge sanes ari pipintaranan mah (eigenwijs) ieu mah etang-etang babalagondjangan bae, malah mandar kenging persen 2. kitab ti Djr. E. Pr. loemjan tamba toendoeh; panoehoer mah lepat oge eta Kitab hojong dipasihkeun bae.

Ajeuna pamoendoet bade diwaler, katranganana sakoemaha noe kasebat di handap ieu, kitoe oge oepami lepat pami oelah digoemoedjengkeun isiu.

Soealanana

1. Naon sabab-sababna noe matak Goesti noe maha Soetji ngadamel oc-

ka doenja nepi kana waktoena umat (anoe kahidji) teu petot-petot oerang boga kahajang. Kahajang oerang teh teu langgeng, eta sababna noe matak doenja noe koe oernug didjalanan, sahila oerang hiroep disaboet doenja teh henteu langgeng. Doepi aherat, nja eta waktoe ti mimiti oerang maot, teh ieu mah langgeng, mapan aja basa moelih ka kalungguhan.

Kahajang-kahajang tea tangtos asalna parentah ti noe ngamoedian bathin. ari anoe diparentahna nja eta awak katoet anggahotana. Noe ngamoedian bathin salilana njiitjangan djeung uje- kel kakawasaan dina raga, kenging oge dianggo hartosna ketjap hiroep. Ajeuna oerang tiasa netelakeun, jen oerang (manoesa) hiroep teh kadjadi- an tina 2 roepi anoe teu kenging dipisahkeun, nja eta:

1. Noe ngamoedian bathin (geeste- lijk lichaam).

2. Awak katoet anggahotana, sok disebut raga (stoffelijk lichaam).

Saoepami geestelijk lichaam ning- galkeun stoffelijk lichaam, nja ti ha- rita disebutna maot.

Noe maraos kautenan taringali, jen di doenja teh seueur radjaradja anoe pada marentah karajaanana. Eta radja radja tea henteu sami kala- koenanana, henteu sami kaadilanana, pada pada boga tubat sorangan. Nja kitoe deui noe ngamoedian bathin (geestelijk lichaam) noe njiitjangan dina raga oenggal oenggal djelema henteu sami. Ajeuna oerang bantoen ring- kesna bae, oerang damei 3 bagian, nja eta:

1. Roh kamalaikatan.
2. Roh kamanoesaan.
3. Roh kasatoan (kahewanana).

Djelema anoe kaeunteupan roh noe kahidji, nja eta djelema noe pang- woetji-soetjina, pangakes-aloesna, sabab tabeatna saperti malaikat, salilana aja di gedengeun G-esti noe Moerba Wisesa. Dina waktoe - waktoe ieu mah beunang koe oerang disaboet- keun mah henteu aja djelema anoe kitoe kaajaanana, da noe katibanan roh kamalaikatan teh ngan bangsa nabi nabi sareng para aulia bae. Noe katibanan roh kamanoesaan oge henteu seueur.

Naha katibanan roh naon ari djele- ma noe njiitjangan doenja ajeuna, ari noe katibanan roh kamalaikatan meh tea aja, noe katibanan roh kamanoesaan henteu seueur mah? Sahar, sabar, noe maraos, . . . oelah be- due.

Noe njiitjangan doenja ajeuna loloha- na kaeunteupan roh kahewanana, mar- gi tabeatna meh sapertos sato (he- wan). Sanadjan djelema ngarasa sa- reng emboeng disaboet kitoe nepi ka toeloe ngambek . . . henteu ngarasa, jenu koe ambekna teh geus ngalakoe- keun saperti hewau.

Djelema anoe enja-enja katibanan roh kamanoesaan, nja eta djelema anoe enja-enja ngadjalankeun kama- noesanana, sarta salilana djaeuh tina tabeat anoe djahat djeung hina.

Naha naon hartina kamanoesaan? Pidjawabunana iusja Allah oepami teu aja pamangan minggoe pajoen di-

dadarkeun, soesoeganan henteu njala- han tina hartos noe sajakosna.

K. Sasmita-Mihardja.

K A B A R.

Tina s. k. Walanda.

Bedjana begrooting taoen 1925 bakal njesa 100 milioen roepia (Iraha padjeg somah pribomei dikoerangan? Corr.)

—0—

Toean Besar G. G. ajeuna keur ngadjudjab Soematra beulah Wetan mimiti ti Medan teroes ka Batak.

—0—

Gantina Toean Besar G. G. Fock dina boelan Maart 1926 bakal datang ka Hindia. (Saha noe bakal dibenoem Red. teu bisa ngira-ngira Red.)

—0—

Padjeg bea barang-barang di Palembang, dina boelan Agustus 1/2 mali- oen roepia reana djeung padjeg karet oerang pribomei noe kaloeur 100.000 roepia.

—0—

Di desa wates Soemelang djeung Madjalengka aja. kahoeroean gede, 105 imah beak.

—0—

Pagawe douane di palaboean Tg. Priok mogok. Rea noe diepas Sa- wareh datang deui, 33 teu datang.

—0—

Di Kodiri aja pest. Ati-ati di Pri- angan sabab di Koeningan oge bare- to aja noe katerap pest.

—0—

Moeso komis di Soerabaja ditang- kep, lautaran spreekdelict.

—0—

Djoeragan Ismail voorzitter Opium Regieboard loear Djawa. Madra- geus audientie ka Minister, Colijn di Den Haag. Minister djangdi rek ngahadean gadijihna personeel O. R. oepama sabab sababna bener. Ieu peikara rek diroeskeun djeung Pa- marentah Hindia.

—0—

Jhr. dr London oetoesan Nederland di Volkenbond, moerstel soepaja ge- uwat-geuwat ngajakeun Vergadering (Conferentie) pikeun ngoerangan pa- karang perang. Vergadering soerak ngadengo ieu poerstel.

—0—

Kabar dagang.

Soerabaja 14-9-25
Goela pasir aloes sapikoel f 10 1/2
Kopra f 19 1/4
Karet 1/2 KG. f 1,95 levering Oct. Dec.
Kopi sapikoel f 64 levering Oct. Dec.

—0—

PRJSCOURANT ANJAR

(Basa Malajoe)

Nembe Kaloeur.

Saha-saha anoe hojong dipapa- rin (dikintoen), mangga liuggin ka toko atanapi njerat ka

53 Toko Bockoe
L. A. LEZER.
Tasikmalaja.

Djoeragan sareng saderek oelah kabalokan, moal aja noe breuk, moal enja henteu oeninga, ka Pasar baroe Tasikmalaja. Filari bae dina roangan No. 1 Los letter B. didinja aja waroeng GENDONG (bangkelan) anoe parantos kasobor kamrahanna sareng marodel barangna mangga soemping saban din- ten oge boeka di adjeng pisan.

Hormatna

Mh. SATIBI

50

EMOET!

Nembe medal wawatjan Min- taraga (Ardjoena moedja semedi) ahirna djadi ratoe di Swarga, sareng Pergiwa Pergiwati.

Toko en Drukkerij
Pasoendan
Tasikmalaja.

Eere diploma ti Groot Tentoonstel- ling Tasikmalaja. 1925

Koek - en Banketbakkerij
Fabriek

RADEN NATAMIHARDJA

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

Sadjabi ti sajagi koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat uga ieutna noe sampurna.

Sareng tiasa ngitjal kaperloea- nana koeweh sapertos: boembona, klosirna sareng kemoagna oge, panga os kenging badanten.

Tiasa mangdamelkeun ijs poe- ter noe sajakosna dina 1 liter tim- bangan pangasos f 2.50 doegi ka f 5— ditanggal sae.

Noe ngantos

Raden Natamihardja.

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja

KEMBANCOELA HOPJES.

Jing paling enak.

per blik iusja 400 bidji f 3.—

Boeat djoel lagi per pati tiah 4 blik 4 400 bidji f 10.—

STROOP jang paling enak

per fl. f 0,50

voor djoewal lagi

1 peti lai 10 fl. f 14.—

Terlu Roepa-roepi Seperti:

Framboen, Rozen, Chitroen, Ananas, Pisang enz.

Milicken toeh dajet pada

Merk DJIT GOAT BING

27

Semarang.

Hatoer Oeninga.

Ka soegri noe maraos weekblad Sipatahoenan ti kaping 1 Agustus 1925 pribados parantos ngadamel hidit toeran anjar, kaperloean oerang Soenda noe rasesep maos, nja eta ngadamel BRUNGEUFAN BOEKOE noe euana 10 boetoe 10 warna, nja eta:

1	Wawatjan Sa-aoen	pangasos f 0,45
1	" Nabi Paras	" f 0,50
1	" Toendjoeng Woelan	" f 0,75
1	" Eenden Djadi	" f 0,30
1	" Lalang Sadjati	" f 0,15
1	" Abdoel Moeloe I en II	" f 1.—
2	" Kadochoeng tara II heula	" f 1.—
2	" Tjioeng I en II pangasos	" f 0,70

Djoemlah f 4,55

Tah saha-saha noe palaj boetoe-boetoe noe disebutna di loehoer, enggal bae ngantos ar- tos f 3,50 (tloe roepia satengah) ka:

M. ENCKA-WIDJAJA

Tjimoerah-Garoct.

52

AWAS! OELAH KALIROE.

Kantja-Kantja Awas!

Oesaha Oerang Karangnoenggal (O. O. K.)

Saban dinten ngadjalankeun doea Autobus:

Ka I. Karangnoenggal—Tasikmalaja, tempatna di Ka- rangnoenggal Omnibus Fiat.

Ka II Tjibalong—Tasikmalaja, tempatna di Tjibalong Ford.

WAKTOSNA:

Noe ka I	miosna ti Karangnoenggal	taboeh 7 endjing
	ti Tasikmalaja	2 siang
Noe ka II.	ti Tjibalong ngawitan	7 endjing
	ti Tasikmalaja	10 siang.
	Mios deui ti Tjibalong	1
	Wangsoelna ti Tasikmalaja	4 sonten

Ongkos ditanggal mirah. Mangga tjobian.

Hormatna

Bestuur O. O. K.

SOEDJAJA

Voorzitter,

TOKO BOEKOE

M. I. PRAWIRA WINATA.

GROOTELENGKONGWEG I BANDOENG.

Basa Soenda.		Basa Malajoe.	
Siti Rajati I. II. III.	f 0,70	Tiga orang panglima perang	f 2,50
Eulis Atjih I. II.	" 0,75	Hikajat Hang Toeah	" 2,40
Pabrik Seuri	" 0,80	zab dan sengersara	" 1.—
Bodor triwangsa	" 0,50	Seroepah pokok ke Mekah	" 0,40
Sondjaja	" 0,20	Merawat ke Melaka	" 0,60
Tjarta Aboenawas	" 0,30	Habis gelap terbitlah terang	" 2,50
Genoveva	" 1.—	Kapal Setan	" 2.—
Kernang Pati	" 0,15	Atlas ketil Hindia Ned.	" 0,60
Dioeg Fall	" 0,25	Dumont 'Imre boemi	" 0,60
Nji Srangkaan	" 0,70	Sedjarah tanah Djawa I f 5, II	" 4.—
Wawangsalan djeung stantien	" 0,30	Atlas gambar-gambar	" 8.—
Damar Woelan	" 0,60	Kamoes ketil	" 0,50
Aom boerej	" 1.—	Alkalimatol tchuan	" 0,50
Sipat doea poeloe	" 0,80	Dialan ke barat I. II. III. IV. a	" 1,80
Mintaraga	" 0,50	Adji Widji	" 0,30
Bale Bandoeng	" 0,50	Oendang'oendang hockoeman	" 2,50
		Reglement Boemipoetra	" 2.—

Boekoe-boekoe noe kasebat di loehoer teu atjan ditang ongkos ngintoenkeun. Prijscourant dikintoen pertjoemah. 51

Sajagi ± 100.000 heokoe Tweedehandsch Moderne talen. Panga- osna rata ratana kirang tina satengahna pangasos wouteuhau.

HEALTH IS BETTER THAN WEALTH

Insja Ailah tanggung baik dan mandjoer obat-obat dari Hindoestan.

Noe nawis di handap ieu nerangkeun ka para djoeragan sadaja, jen ajeuna sim koering parantos moeka toko obat tina saniskanten penjawat. Memeh ka noe sanes mangga tjarobian heula ka sim koering atanapi bilih kirang mental ti noe sanes mangga soemping ka toko obat simkoering, nanggal dirawat sae sareng njeungkeun. Nanggal teu kedah dibelek (operatie) sim koering tiasa ugadamangkeun saniskanten kasawat anoe mateni.

Ka anoe kirang mamposh asal aja katrangan ti djr. Walanda atawa Controleur, tiasa kenging landong pertjoemah. Salamina njajagikeun landong koe djalan remours.

Nampi panjaoer ka boemi anoe palaj diparios, kasawat koemaha bae.

Nami obat sareng harga.

1 Batoek mengi f 5.— 2 Batoek gangsa f 2,50 3 Batoek binsa f 1.— 4 Pegel hinoe f 2,50 5 Sakit mata f 1.— 6 Mata lamogr f 2,50 7 Sakit peroot f 1.— 8 Sakit kalingsir f 2,50 9 Sakit sakit badan f 2,50 10 Me- dien f 1,50 11 Salesma f 1.— 12 Sakit kapala f 1.— 13 Sakit tadjan f 1,50 14 Obat jatjung f 1.— 15 Bisool f 1,50 16 Penyakit koening f 2.— 17 Sakit sekalor f 2.— 18 Hiut djangar f 1,50 19 oear kokoloteun f 1,50 20 haloos koelit f 1,50 21 pandjangeun ramboet f 1,50 22 ngilangkeun ramboet f 1.— 23 obat gateul f 1.— 24 radang f 2.— 25 roepa roepa halent f 2,50 26 oear panon beureum f 1.— 27 oear ngaberesihan f 1.— 28 njeri parindukan f 2,50 29 njeri gigit f 2,50 30 njeri saboekeu boekoe f 2,30 31 njeri oerat oerat f 2,50 32 kaligata f 2.— 33 njeri tjangkeng f 2.— 34 njeri tjeuli f 1.— 35 koerang sare f 1,50 36 seueul angen f 1.—

Obat bikin gemoek dan obat bikin koeroes ada sedia.

Obat penjakit jang djahat djabat sedia.

Hormatna

Toko Obat dari Hindorstan

FAZAL MOHAMAD

Stationsweg Tasikmalaja

N. B. Saja tida ada orang jang keliling, kalau maos beli obat-obat datang sadja di Toko.

TAN HOEN AUW

Toekang pasang gigi sareng panon palseo ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.

Adres anoe mirah padamelan ditanggal sae.

Dina katoeanan-katoeanan anoe maraos sok sering ngadantenkeun roa oelam saladjeunna kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njarioskeun sakoemaha kateurasaanana anoe kasawat waos, anemawi kedah dijagi ti sanemehna.

Ajeuna sim koering; njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjadi soepados salamina waos sehat berseka, tiasa di- djagi koe landong sim koering.

Para Istri diroesana koe njonja. Mangga soemping.

Hormat noe ngantos-ngantos

TAN HOEN AUW

Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.

11

SIK DJOEN KWAN TOEKANG GIGI

Tjhideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hi- roep sonang sareng kasehatan, dina barang toean kapalaj teh anoe parelem anoe raras bae. Handjikal tina hal barang ka- sehatan waos mah, margi: sakoe anoe di toean eta sajakosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng ko- ropok.

Di dien bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu di toeloeng koe ahliha (dokterna) moal tiasa sae, katoengan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoangan, sesek napas, eungap, teu aja napsae kana ba- rang toean sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeing pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njaja- gikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilan- dougan koe sim koering kalawan ditanggal.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palseo, posien, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tati, koe- margi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palseo, oelah salempang. Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.

Anoe ngantos pesenan a soempingna

SIK DJOEN KWAN

Sarimbit.

18

Mangga ngalangan Advertentie di Sip. moerah hasil maksoed